



# LEGAL SERVICES OF GREATER MIAMI, INC.

Chesterfield Smith Center for Equal Justice  
3000 Biscayne Boulevard, Suite 500 • Miami, FL 33137-4129  
(305) 576-0080 Fax: (305) 573-5800 • TDD: (305) 573-1578  
• [www.lsgmi.org](http://www.lsgmi.org)

**GARRETT J. BIONDO**  
President

**CARLOS J. CANINO**  
1<sup>st</sup> Vice President

**YANICK LANDESS**  
2<sup>nd</sup> Vice President

**LANCE A. HARKE**  
Treasurer

**GISELA M. MUNOZ**  
Secretary

**JOHN W. McLUSKEY**  
Immediate Past President

**MARCIA K. CYPEN**  
Executive Director

## **BENEFITS “UNEMPLOYMENT” PASYÉL**

Si ou tap travay an plen tan epi yo redwi lé travay ou de fason sibkansyé, ou ka elijib pou benefis pasyé. Pannan ke pa gen on ken-n definisyon klé pou sa ki rele “substantially reduced/redwi de fason sibkansyé,” on rediksyon 25% nan lé travay jeneralman konsidere pou rediksyon sibkansyé.

Ou ka elijib pou ou resevwa benefis pasyé “unemployment” si yo te voye ou ale nan travay ou o sinon si ou sot nan travay an plen tan epi ou vin-n aksepte apré sa travay an tan pasyé. Si ou aplike pou “unemployment” pasyé, ou dwe kapap epi vle aksepte on travay ki pral pémét ou travay an plen tan. Sa vle di pannan ke ou ap resevwa benefis “unemployment” lan, ou dwe dakò pou ou chéche travay, ki pral ba ou travay an plen tan. Li empòtan ke ou rapòte revni ou avan taks ke ou touche lé ou fé reklamasyon ou chak semén-n pou yo ka ajiste benefis ou yo de fason apòprye. Si ou pa rapòte travay a tan pasyé ou a sa pral koze ke ou resevwa plis lajan ke ou te dwe resevwa, yo rele sa “overpayment of benefits” epi sa ka fé ke ajans lan detémine nan on notis ke se frod ou fé epi sa ka koze ke ou pa kalifye pou ou resevwa benefis epi li posib pou ou genyen on penalite kriminel pou sa.

## **LÒT KONSIDERASYON EMPÓTAN**

\*Fòk ou ap travay pou on séten tan anvan pou ou elijib pou ou resevwa benefis “unemployment.”

\*Si tribinal te òdone ou pou ou peye “child support, Depatman Reveni ka entésepte benefis ou a epi aplike yo pou peye sipò ou a.

\*Yo takse Revni Benefis “Unemployment”.

\*Si ou kite travay a tan pasyé ou a pou ou aksepte on travay an plen tan, ou pral dwe prouve ke lajan ou te konn touche a nan travay an plen tan-an o sinon on lòt travay la vo o mwens 17 fwa montan pa semén-n benefis UC ou te genyen anvan ou te elijib pou ou resevwa UC a pou ou ka kalifye ankò pou ou resevwa benefis UC.

## **KOPI SALÉ OU AN DETAY**

Si ou deside aplike pou “unemployment,” ou pral resevwa on kopi salé ou an detay epi on notis Detéminasyon nan 7 rive 14 jou. Si ou elijib pou ou resevwa benefis, kopi salé ou an detay pral montre montan benefis “maximum” ou. Si ou pa dakò avék nimpòt enfòmasyon ki nan kopi salé an detay ou a, ou gen 20 jou kòmanse nan dat notis lan te fét la pou ou fé apél. Ou ka rele Legal Services of Greater Miami, Inc. (LSGMI) pou asistans.

## **KI KOTE MWEN KA JWEN ON APLIKASYON POU “UNEMPLOYMENT” EPI APRAN-N PLIS**

Pou plis enfòmasyon konsénan benefis “unemployment” epi pou ou pran on aplikasyon pou “Unemployment Compensation”, vizite “One-Stop Career Center” ki pi pré kay ou. Lé ou rive nan “One-Stop Center” a, mande pou on ti livré ki rele “Florida’s Unemployment Compensation Claims Services.” Ou ka gen aksé nan ti livré sa-a tou lé ou ale nan <http://www.floridajobs.org/unemployment/claimsservices/default.htm>, o sinon ou ka kontakte biro LSGMI pou on kopi.

Fason ki pi fasil epi efikas pou ou reklame “Unemployment” se sou enténét. Ou ka fé sa lé ou ale nan <http://www.myflorida.com>. Li pral pran ou 30 minit rive pou iné de tan pou ou rampli reklamasyon sa-a sou enténét.

